

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga judul “Kumpulan Carpon *Ruruntut* karya Tiktik Rusyani (Ulukan Struktural jeung Aspék Sosial)”. Anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita jeung aspék-aspék sosial dina carita pondok nu aya dina buku *Ruruntut* karya Tiktik Rusyani.

Struktur carita dina kumpulan carpon *Ruruntut* ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, latar) jeung sarana sastra (judul, puseur implengan). **Téma:** tina salapan carpon nu dianalisis, kapaluruh aya dua rupa téma nyaéta téma kulawarga jeung téma ékonomi. Kapanggih ayana sasaruuan téma antara carita “Om Ray” jeung “Mulang” anu nyaritakeun rasa nyaah jeung papada anggota kulawarga. **Galur:** tina salapan carpon kapaluruh aya lima carita nu ngagunakeun galur mérélé, jeung opat carita nu ngagunakeun galur campuran. **Palaku:** palaku dibédakeun jadi palaku utama jeung palaku tambahan. Tina salapan carpon, kapaluruh palaku anu béda-béda. Dina carita “Simponi Teri Nasi jeung Sambel Tarasi”, kapaluruh aya dua palaku utama jeung opat palaku tambahan. Dina carita “Om Ray”, kapaluruh aya opat palaku utama jeung tilu urang palaku tambahan. Dina carita “Mulang”, aya saurang palaku utama jeung opat palaku tambahan. Dina carita “Nu Mulang Mawa Kamelang”, aya dua urang palaku utama jeung lima urang palaku tambahan. Dina carita “Sakura nu Muguran di Osaka”, aya dua urang palaku utama jeung opat urang palaku tambahan. Dina carita “Ruruntut, aya saurang palaku utama jeung dua urang palaku tambahan. Dina carita “Nyimas Qonaah”, aya dua urang palaku utama jeung tujuh urang palaku tambahan. Dina carita “Mapag Udat-Udat Balébat”, aya saurang palaku utama jeung opat urang palaku tambahan. **Latar:** latar anu kapaluruh dibagi tilu, nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat diantarana nyaéta imah, dapur, pasar, Bandung, jalan, kafé, balkon, pajaratan, musola, lembur, rohang tamu ruang kerja, ruang keluarga, Thailand, TSM, buruan, ICU, rumah sakit, toko, garasi, téras, rumah makan Panglayungan, ruang kulawarga, Jepang, Osaka, warung, warung Léni, cai, sakola, pakarangan, patengahan, gedung, kantor, sisi susukan, jeung ibu kota propinsi. Latar waktu di

antarana nyaéta ayeuna, janari subuh-subuh, rebun-rebun, soré, lila-lila, saminggu, sabulan, bulan Méi, siang, taun tujuh puluhan dalapan puluhan, dua puluh taun, peuting, unggal bulan, tilu taun, dua taun, Poé Minggu, genep bulan, sapuluh taun, lima poé, welasan taun, bada lohor, sapoé. Latar sosial kapaluruh patali jeung kaayaan hirup palaku dina unggal carita boh anu kasang tukang sosialna kelas menengah ka handap boh nu kelas menengah ka luhur.

**Judul:** tina salapan judul carpon, kapaluruh yén unggal judul carpon saluyu jeung pakait kana eusi caritana boh sacara langsung boh teu langsung.

**Puseur implengan:** tina salapan carpon nu dianalisis, kapaluruh aya dua rupa puseur implengan nyaéta puseur implengan jalma kahiji jeung puseur implengan jalma katilu.

Aspék sosial nu kapaluruh tina salapan carpon diklasifikasikeun kana lim aspék sosial nyaéta aspék sosial agama, aspék sosial atikan, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, jeung aspék sosial politik. Aspék sosial agama kapaluruh dina dalapan carpon. Anu teu nyampak aspék sosial agama nyaéta carita “Ruruntuk”. Aspék sosial atikan kapaluruh dina unggal carpon nu dianalisis. Aspék sosial moral ogé kasampak dina unggal carpon nu dianalisis. Aspék sosial ékonomi kapaluruh dina unggal carpon nu dianalisis. Sedengkeun asoék sosial politik kapaluruh dina genep carpon, tilu carpon séjénna mah teu nyampak aspék sosial politik.

Dumasar hasil analisis nu kapanggih, aspék sosial nu kapaluruh dina unggal carita ngandung ma’na nu bisa kacangging tur bisa dijadikeun sumber diajar dina neuleuman aspék-aspék sosial nu aya dina kanyataan hirup sapopoé di masarakat.

## 5.2 Implikasi

Dumasar hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan miboga implikasi dina sababaraha widang paélmuan, nyaéta widang kasusastraan nu hususna dina génré carita pondok anu diulik sacara struktural dipiharep bisa ngahasilkeun hiji karya sastra anu miboga struktur lengkep jeung variatif eusina. Satuluyna dina widang sosilogi sastra hususna ulikan aspék sosial dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh ka pamaca ngeunaan aspék-aspék sosial anu aya dina carita pondok anu satuluyna bisa jadi bahan telebaneun dina kahirupan masarakat.

### 5.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan nu kapaluruh, aya sababaraha rékoméndasi anu bisa ditepikeun, nyaéta: *kahiji*, panalungtikan ngeunaan aspék sosial dina karya sastra Sunda masih kawilang saeutik jeung ieu panalungtikan masih kurang sampurna atawa kurang lengkep, ku kituna dipiharep sangkan panalungtik satuluyna bisa ngamekarkeun deui panalungtikan sangkan leuwih jembar. Dipiharep panalungtikan ngeunaan karya sastra téh leuwih euyeub deui; *kadua*, dipiharep hususna lembaga akademisi kudu bisa narékahan ngahudangkeun jeung ngaronjatkeun deui minat masarakat kana karya sastra nu bisa jadi wadah pikeun neuleuman élmu kasastraan.